



PENILAIAN AKHIR SEMESTER GENAP
SEKOLAH DASAR NEGERI REJOMULYO
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

NAMA : MATA PELAJARAN :
NO. ABSEN : TANGGAL :
KELAS : NILAI :

Wacanen Teks ing ngisor iki kanthi patitis!

Globalisasi

Saiki jaman wis maju. Samubarang gawe wis nggunakake piranti sing sarwa modheren. Kabeh ngarani iki jaman globalisasi. Yen jaman biyen kenthongan digunakake kanggo tanda anane bebaya, umpamane titir terus-terusan tandane ana banjir gedhe. Saiki kenthongan mau wis diganti nganggo piranti canggih kaya dene sirine sing otomatis bakal muni menawa ana banjir utawa tsunami. Semana uga manawa ana gunung mbledhos, angin gede lan liya-liyane.

Nalika ana dulur sing arep kirim kabar, ora kudu ngenteni surat sing tekaning pirang-pirang ndina. Cukup nganggo telepon utawa handphone. Biyen wong dol tinuku iku kudu ana pasar utawa toko. Saiki ana pasar modheren sing nggunakake majune teknologi. Umpamane dodolan sarana online. Oleh nawarake barang cukup nganggo internet kabeh sarwa cepet lan gampang. Kanyatan kuwi mau kang bisa diweruhi ing era globalisasi saiki.

Banjur, apa satemene globalisasi iku? Globalisasi asal saka tembung "globe", bola dunia banjur dadi global, sing tegese mendunia. Globalisasi bisa ditengeri saka :

1. Tipise wates antar negara, tegese kedadehan ing sawijining negara gampang diweruhi.
2. Pawarto saindenging jagad, cepet banget sumebare. Iki kabeh saka tansaya canggine sistem komunikasi.
3. Saya majune dol tinuku utawa perdagangan antarane negara siji lan liyane.

Globalisasi ana dampak positip dan negatipe. Dampak positipe yaitu masyarakat tansaya maju, komunikasi tansaya gampang lan anane pasar global. Dampak negatipe yaiku lunture kebudayaan lan nilai-nilai luhur bangsa uga lunture sifat kaluwargaan lan gotong-royong. Bangsa Indonesia kabeh kudu bisa ngelestarike budaya bangsa salah sijine yaiku budaya Jawa sing adiluhung kang awujud cangkriman.

I. Wenehono tanda ping (x) ing aksara a,b,c utawa d sing koanggep wangsuln paling bener!

1. Ing jaman biyen kenthongan digunakake kanggo ...
 - a. Tanda anane bahaya
 - b. Hiasan nang omah
 - c. Hiburan
 - d. Gawe duwen duwen
2. Titir terus-terusan tandane ...
 - a. Ana kepaten
 - b. Ana maling
 - c. Ana banjir gede
 - d. Ana kumpulan ng kantor deso
3. Samubarang gawe wis migunakake piranti sing modern, mula jaman saiki diarani jaman ...
 - a. Globalisasi
 - b. Digital
 - c. Akhir jaman
 - d. Berkembang
4. Biyen dol tinuku ana pasar utawa toko, saiki amargo majune teknologi, dodolan sarana ...
 - a. Offline
 - b. Online
 - c. Barter
 - d. semi online
5. Olehe nawaake barang cukup gampang nganggo internet , kabeh sarwa ... lan ...
 - a. Cepet lan Angel
 - b. Lambat lan Gampang
 - c. Cepet lan Susah
 - d. Cepet lan Gampang

6. Cangkriman yaiku
 a. Unen unen kang gowo cerito
 b. Unen unen kang gowo gambar
 c. Unen-unen kang mawa batangan utawa badhekan
 d. Unen unen kang gowo jawaban
7. Pitik walik saba kebon, batangane
 a. Nanas
 b. Salak
 c. Jambu
 d. Kambil
8. Cangkriman uga diarani ... utawa
 a. Batangan Utawa Bedhekan
 b. Batangan Utawa Jawaban
 c. Batangan utawa cerito
 d. Bedhekan utawa jawapan
9. Karo wong tuwa kudu ngerti tata
 a. Bawana
 b. Krama
 c. Laksana
 d. Wibowo
10. Bapak mangan sega pecel, krama aluse
 a. Bapak Dhahar sekul pecel
 b. Bapak dhahar sega pecel
 c. Bapak maen sekul pecel
 d. Bapak maem sega pecel
11. Becike dadi manungsa aja nduweni sifat angkara
 a. Mudya
 b. Murka
 c. Muda
 d. Durjana
12. Tembang Pucung iku ana ... gatra.
 a. 5 Gatra
 b. 7 Gatra
 c. 3 Gatra
 d. 4 Gatra
13. Cangkriman ana sing sinawung ing tembang macapat yaiku
 a. Tembang Pucung
 b. Tembang Dandang gulo
 c. Tembang Pangkur
 d. Tembang Macapat
14. Badhekan cangkriman, pakboletus batangane
 a. Tepak Kebo Lemah lemah adus
 b. Bapak Boleng Lele Satus
 c. Tepak Kebo Lelene Satus
 d. Bapak Oleh Lele Satus
15. Dikethok malah mundhak dhuwur, batangane
 a. Wit
 b. Rambut
 c. Suket
 d. Clana
16. Dina Setu bocah-bocah menyang pabrik kagungane Pak Brata. Tembung Kagungane, basa ngokone
 a. Duweke
 b. Panggonan
 c. Barange
 d. Gon
17. Bocah-bocah nggatekake amarga ngudi kawruh kanggo dina tembe. Ngudi kawruh tegese
 a. Golek Sangu
 b. Golek Duit
 c. Golek Rejeki
 d. Golek Ilmu
18. Pak Dhe Warno saben isuk maca surat kabar ana teras omah. Basa kramane maca yaiku
 a. Miyos
 b. Maos
 c. Criyos
 d. Ngendiko
19. Tembung bebaya yen ditulis aksara Jawa yaiku
 a. ꦧꦺꦪꦪ
 b. ꦧꦺꦩꦫꦶ
 c. ꦧꦺꦩꦫꦶ
 d. ꦧꦺꦩꦫꦶ
20. Bapak tindak Banyuwangi nitih sepur, basa ngokone
 a. Bapak tindak Banyuwangi numpak sepur
 b. Bapak lungo banyuwangi numpak sepur
 c. Bapak budal Banyuwangi numpak sepur
 d. Bapak lungo Banyuwangi nitih sepur

21. Amarga tangine kawanen Suntono telat mlebu sekolah. Basa kramane
- Amarga tangine kesiangen Suntono telat mlebet sekolah
 - Amargi tangine kawanen Suntono telat mlebu sekolah
 - Amargi tangine kesiangen Suntono telat masuk sekolah
 - Amarga tangine kawanen Suntono telat mlebet sekolah
22. Sapi, kebo, wedhus diarani raja
- Kaya
 - Pati
 - sakti
 - brono
23. Tuku bukumu siji. Tulisan aksara jawa iki yaiku ...
- ꦠꦸꦏꦸꦧꦸꦏꦸꦩꦸꦱꦶꦗꦶ
 - ꦠꦸꦏꦸꦧꦸꦏꦸꦩꦸꦱꦶꦗꦶ
 - ꦠꦸꦏꦸꦧꦸꦏꦸꦩꦸꦱꦶꦗꦶ
 - ꦠꦸꦏꦸꦧꦸꦏꦸꦩꦸꦱꦶꦗꦶ
24. Sing sabar ya nak, becik ketitik ala ...
- Bubrah
 - Ketoro
 - Keloro loro
 - Bungah
25. Kadang pandhawa ana lima, sing mbarep jenenge
- Arjuno
 - Bimo
 - Kresno
 - Punthodewo
26. Ukara ing isor iki kang kalebu ukara tanduk, yaiku
- Pak Guru tindak sekolahan nitih sepeda motor.
 - Bu Dhe Sawitri didherekake bapak menyang stasiun
 - Adhiku ditumbasake dolanan montor montoran ing pasar.
 - Saben dino setu dieneake kerja bakti ng lingkungan sekolahan
27. Simbah lagi mepe gabah ing ngarep omah.
Ukoro ing dhuwur, kalebu ukara
- Andaran
 - Pitakon
 - Tanduk
 - Tanggap
28. Bapak lungo menyang solo numpak sepur.
Waseso ukara ing dhuwur, yaiku
- Bapak
 - Lungo
 - Menyang Solo
 - Numpak Sepur
29. Kang kalebu ewone tembang gedhe, yaiku
- Pocung
 - Balabag
 - Sinom
 - Mijil
30. Kang kalebu ewone tembang macapat, yaiku
- Megatruh
 - Giriso
 - Wairangrong
 - Balabag
31. Unen – unen kang ajeg panggone, diarani
- Cangkriman
 - Bebasan
 - Paribasan
 - Saloka
32. Ukara ing ngisor iki kalebu ukara tanduk utama tri puruso, yaiku
- Adimu kotukokne apa?
 - Aku ditimbali pak guru ing kantor
 - Pitikku saben dino takpakani jagung
 - Ibu ndhereake Bapak menyang stasiun

33. Ukara ing isor iki nganggo ater ater anuswara, yaiku
 a. Sawitri ngaturi tamune lenggah ing kursi
 b. Saben isuk ibu mundhut sayuran
 c. Mas adi lagi nata hasil karyane.
 d. Saben dino ing desaku ana wang kemalingan.
34. Tawon madu ngisep sekar
 Calon mantu kudu sabar
 Ukoro ing dhwur, kalebu
 a. Cangkriman
 b. Bebasan
 c. Parikan
 d. Sanepo
35. Kang diarani satriyo panenggake pandhawa, yaiku
 a. Puntodewo
 b. Werkudoro
 c. Arjuno
 d. Nakulo sadewo

II. Wangsulana pitakon iki, kanthi wangsulan kang patitis!

36.	Tembang pucung iku ana pirang gatra	a. macapat
37.	Apa salah sijine dampak negatip globalisasi	b. 4
38.	Apa pengaruh globalisasi tumrap seni lan budaya	c. Sifat kekeluargaan lan gotong-royong saya luntur
39.	Tembang macapat cacahé ana pira	d. budaya bangsa saya suwe saya pudhar
40.	Bapak mboten saget rawuh kundangan amargi jawah deres banget. Piye basa ngokone	e. bapak ora isa teka kondhangan amerga udan deres banget
41.	Paribasan ing ngisor iki apa tegese Adigang adigung Adiguna.	f. 11
42.	Bola-bali, mongan-mangan, nungas-nangis kelebu tembung apa	g. tembung lingga salin suwara
43.	Pucung, kinanthi iku klebu tembang apa	h. 4 gatra
44.	Apa cangkriman kuwi	i. ngendelake kekuatan, panguwasa, lan kapinteran sing diduweni
45.	Cangkriman iku wujudé ana pira	j. unen-unen kang mawa batangan utawa badekan

III. Pilihén endi kang bener ing antarane a, b, c lan d!

46. Kang diarani satriyaning pandhawa, yaiku
 a. Yudhistiro
 b. Gathutkaca
 c. Nakulo
 d. Sadewo
47. Ing isor iki kelebu ukara panyandra, yaiku
 a. Idepe tumengeng tawang
 b. Tangane gandewa pinethang
 c. Kebo gupak ajak-ajak
 d. Sinome micis wutah
48. Kang kelebu perangane surat, yaiku
 a. Adangiyah
 b. Satoto basa
 c. Surasa basa
 d. Rurabasa
49. Kang kelebu sandhangan ing aksara jawa, yaiku
 a. Wulu
 b. Pangkal
 c. Pepet
 d. Suku
50. Kang kelebu tembung saroja, kayata
 a. Kendhana kedhini
 b. Glendheng ceneng
 c. Tukar padu
 d. Solah bawa